*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ РЕСПУБЛИКОН АДÆМОН ГАЗЕТ
РЕСПУБЛИКАНСКАЯ НАРОДНАЯ ГАЗЕТА СЕВЕРНОЙ ОСЕТИИ

# РÆСТДЗИНАД

№ 52 (24334)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы
Издается с 14 марта 1923 года

Аргъ 10 сомы

2017 азы 29 мартъи — тæргæйтты мæйы 29 бон, æртыццæг

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ХОРЗЫ ФÆД НÆ СÆФЫ — *Сгуыхт тренер, ахуыргæнæг, æцæг ирон лæг*

**3** АИВАДЫ ДÆСНЫТÆ — *Зары Котолиты Мария!*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Ирыстоны чызг-богæлтты æнтыстдзинæдтæ*

**Пресс-конференци**

## Бæрæггæнæнтæ. Фæндтæ. Нысантæ

**”Æцæгдæр, Хицауады фæстаг æмбырды æркастыстæм 2016 азы социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæм. Сусæггаг нæу æмæ йæ æмбæхсгæ дæр нæ кодтам, ивгъуыд аз уавæр лæмæгъдæр кæй рауадис, промышленнон куысты индекс кæй фæкъаддæр, уый. Раппæлинаг у арæзтады къабаз, цæрæнуæттæ куыд арæзтой, куыд агуырд цыдысты — уый дзуры иумæйаг авналæнтыл, ома, адæм кæд æлхæдтой фатертæ, уæд уый æвзæр нæу. Нæ фæкъаддæр сты базарадон зилдухы бæрæггæнæнтæ, нæ зæрдæ дарæм, 2017 азы уавæр кæй фæрæвдздæр уыдзæн, ууыл”,— знон экономикон рæзты министр ТОМАЙТЫ Хъазыбег фембæлд дзыллон-хабархæссæг фæрæзты минæвæрттимæ, дзуапп радта бирæ фæрстытæн.**

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы Социалон-экономикон рæзты стратегийыл бакуыстой, иумæ йыл бацархайдтой министрадтæ æмæ ведомствотимæ. "Хъуамæ æмбарæм уый, æмæ Стратеги æххæстгæнгæйæ, фæстиуджытæ, зæрдæрайгæ бæрæггæнæнтæ уайтагъд нæ фæзындзысты. Ныхас кæнæн ис хæстæгдæр фидæныл. Ацы ахсджиаг документмæ хаст æрцыдысты, æцæгдзинадæй скæнæн кæй ис, ахæм хъуыддæгтæ, дихгонд у цалдæр хайыл. Ныридæгæн дæр ыл архайæм æмæ йæ азы кæрон рахæсдзыстæм Парламенты æмбырдмæ", — загъта Томайы-фырт.

Цæмæ йæм æнхъæлмæ кæсæм, зæгъгæ, фарстæн æм уыдис ахæм дзуапп: "Цы у, уымæй йæ бындуры ис адæмы цард фæхуыздæр кæныны нысантæ". Ныхасгæнæг куыд бафиппайдта, афтæмæй цавæрфæнды хуымæтæг хъуыддаг кæнгæйæ дæр нымайын хъæуы иумæйаг экономикон ахсджиаг фæзилæнтæ. Фæндаг æрмæст уый тыххæй нæ хъæуы саразын, æмæ ныззауyат ис, фæлæ ма уыцы хъæуы, уыцы поселочы социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм куыстуæттæ дæр кæй фæзындис, уый нымайгæйæ. Кæнæ та, зæгъæм, чидæр бавдæлд æмæ уым халсарты куыст райдыдта, иунæг хъуыддаг дæр æнæ нымадæй хъуамæ ма аззайа. Экономикон æнтыстдзинæдтæ афтæмæйты рабæрæг уыдзысты, чысыл нысан хъуамæ стырдæримæ баст уа.

Уацхæсджыты фæндыдис базонын, Сочийы цы экономикон форум вæййы, уый æцæгдзинадæй цы пайда æрхæссы, республикæ уырдæм цы проекттæ рахæссы, уыдоныл



дарддæр куыст куыд цæуы, уыдæттæ. Министры ныхасмæ гæсгæ, уыцы ран сæмбырд ис стыр фæлтæрддзинад, нæ республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав фæстаг форумы фембæлд бирæ бæрнон адæймæгтимæ. Зæрдæ дарæн ис уыил, æмæ уыцы ныхас йæ фæстæ расайдзæнис бадзырдтæ, хъуыддæгтæ. Иннæ ахæм, нæ амалхъомтæй цалдæрæй архайдтой форумы куысты, фадат сын фæцис сæ продукци рæгъмæ рахæссынæн æмæ йын æлхæнджытæ ссарынæн.

Томайты Хъазыбег бæстон æрдзырдта, форуммæ цы инвестицион проекттæ рахастой, уыдоны тыххæй дæр. Куыд загъта, афтæмæй Уæрæсейы Федерацийы Хицауады Сæрдар Дмитрий Медведев дæр базонгæ Цæгат Ирыстоны проекттимæ. Хорз æм фæкаст кремнийы бындурыл полупроводниктæ уадзыны проект. Хæрз æрæджы та республикæйы Сæргълæууæгæн уыдис фембæлд Уæрæсейы Хицауады Сæрдаримæ æмæ ма ноджы бæстондæр æрдзырдтой ацы æмæ æндæр хъуыддæгтыл.

Республикæ цы æрдзон хæзнаты æмæ авналæнты хицау у, уыдонæй хæдзардзинæй пайда кæнын райдайын, Стратегимæ уыцы нысантæ бахæссыны тыххæй министр радта бæлвырд дзуапп. "Стратегийыл æнæрхъуыдыйæ нæ архайдтам, уый агъоммæ конд æрцыд стыр куыст. Афтæ зæгъæн ис, æмæ сбæрæг кодтам нæ авналæнтæ, нæ фадæттæ. Бабæрæг кодтам районтæ, хъæутæ, кæмттæ, фембæлдыстæм амалхъомтимæ, хъæппæрисджын адæймæгтимæ. Суанг федтам, абон æхгæд чи 'рцыд, ахæм объекттæ, ничиуал дзы кусы, фæлæ уыдон дæр сты фæрæзтæ, исбон. Раст æмæ хорз нымад нысантæ æвæргæйæ, æнæмæнг, уыдонæй дæр пайдагонд цæудзæн", — загъта министр.

Ныхас бацахста инвестортæн, амалхъомтæн фадæттæ кæныны, се 'ргом сын экономикæмæ, продукци уадзынмæ раздахыны фарстатæ. Бæрнон адæймаг куыд бамбарын кодта, афтæмæй закъонæвæрынадон бындурыл инвестортæн æнцонархайд уавæртæ конд цæуынц. Республикæйы Сæргълæууæджы уынаффæйæ ног кусæн бынæттæ байгом кæнынæй, хъалонтæ фидынæй зæрдæ цы инвесторты æвæрынц, уыдонæн зæххы хæйттæ дихгонд цæудзысты хуымæтæг уагæвæрдмæ гæсгæ. Афтæ — гранттæ, æндæр паддзахадон æххуыс дæр.

Томайы-фырт æрныхас кодта амалхъомады рæзты, фылдæр цы къуылымпыдзинæдтæ æййафынц, уыдæтты тыххæй. Рохуаты нæ баззадысты промышленнон куыстуæттæ, туризмы, чысыл финанстæ дæттыны фонды куыст æмæ æндæр фарстатæ. Уацхæсджытæн фадат уыдис ахсджиагдæр хъуыддæгтæ рæгъмæ рахæссынæн, министр та сын радта æргом æмæ бæстон дзуаппытæ.

**БУТАТЫ Эльзæ**

**Промышленность**

## "Электроконтактор" хъæуы бахъахъхъæнын

Республикæйы промышленнон куыстуæттæ бабæрæг кæныны пъланмæ гæсгæ РЦИ-Аланийы промышленность æмæ транспорты министры хæдивæг МАДЗАТЫ Эльбрус æмæ министрады хайады сæргълæууæг Ингæ ГЕР бабæрæг кодтой гом акционерон æхсæнад ”Электроконтактор”.

Ацы заводы аразынц электротехникон нысаниуæджы дзаумæттæ æмæ ивæн хæйттæ. Æппæт Уæрæсейы æрмæстдæр ам кæнынц электромагнитон контактортæ. Уымæй уæлдай дзы аразынц контактон ивæн хæйттæ троллейбустæн, электродтæ, стæй ма, электровагæтты æмæ метрополитенты вагæтты чи хъæуы, ахæм ивæн хæйтты цалдæр хуызы. Афтæ, Мæскуы æмæ Санкт-Петербурдджы метрополитентæ "Электроконтактор"-ы арæзт ивæн хæйттæй 2013 азы æххæстæй дæр уыдысты ифтонггонд. Фæлæ фæстаг рæстæг мæскуыйаг метрополитены 'рдыгæй ацы ивæн хæйттыл заказтæ зынгæ фæкъаддæр сты. Ацы хъуыддаг заводы директор **Таболты Георги** æмбарын кæны афтæ: "Куыстуаты гуырахст фæкъаддæр, фыццаджыдæр, уымæн, æмæ энергихæссæг фæрæзтæ зынаргъдæр кæй фесты, стæй ма китайаг куыстуæттæ ацы продукци зынгæ асламдæр аргъыл кæй уæй кæнынц, уый аххосæй".

Уымæй уæлдай фæкарздæр кусджыты фарста дæр. "Заводы кусы æрмæстдæр иунæг зырнæйзилæг, нæ фаг кæнынц специалисттæ-технологтæ дæр", — зæгъы заводы директор.

Балцы кæрон министры хæдивæг куыд бафиппайдта, афтæмæй, æппæт Уæрæсе æмæ Хæдбар Паддзахæдты Цæдисы базарады раззагдæрыл нымад чи у, уыцы куыстуат хъæуы бахъахъхъæнын æмæ бацархайын, цæмæй уа куыстхъом.

**Нæ уацхæссæг**

**Мысæн вахтæ**

## Æрджынарæджы хъахъхъæнджытæн

Дзæуджыхъæуыл тохы 75 азы сбæрæг кæныны тыххæй знон Æрджынарæджы хъахъхъæнджыты цыртдзæвæны раз кадджын уавæры байгом ”Мысæн вахтæ”. Мадзал бацæттæ кæныны хъæппæрис равдыстой РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрад, Кировы районы администраци æмæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнгæйæ чи фæмард, уыдоны номарæн æппæтуæрæсеон æхсæнадон змæлд ”Поисковое движение России”-йы регионалон хайад.

Мадзалы архайджытæн арфæ ракæнынмæ æмæ, чи фæмард, уыдон ном ссарыны тыххæй ардæм æрцыдысты Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Битарты Вячеслав, РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспектор Андрей Бессонов, республикæйы мидхъуыддæгты министр Михаил Скоков, Ветеранты советы минæвæрттæ, барадхъахъхъæнæг органты кусджытæ æмæ скъоладзаутæ.

Битарты Вячеслав арфæ ракодта "Мысæн вахтæ"-йы æппæт архайджытæн дæр æмæ йæ аразджытæн, агурæг къордты уæнгтæн.

— Сымах аргъ кæнут хæсты архайджыты намысджын фæлтæрæн, нæ бирæнацион цытджын бæстæйы сæрибардзинад æмæ хæдбардзинад чи бахъахъхъæдта, фашизмыл чи фæуæлахиз, уыдонæн. Гитлерон тыхæйисджытæ Кавказы састы бынаты куы баззадысты æмæ Сталинграды бынмæ бæрзæйсаст куы фесты, уæд райдыдта хæсты ног къæпхæн — оккупантты советон зæххæй фæсурын. Фашистон Герман ныддæрæн кæнынмæ фæндагыл ма уыдис сæдæгай æмæ мингай тугкалæн тохтæ æмæ стыр хæстытæ. Æмæ мах сæрыстыр стæм, уыдонæй алкæй æнтыстмæ дæр нæ республикæйы фырттæ æмæ чызджытæ аккаг бавæрæн кæй бахастой, уымæй. Мæ зæрдæ уын зæгъы уæ ахсджиаг хъуыддаджы стыр æнтыстдзинæдтæ. Уæ архайд у æцæг патриотизмы æмæ хи историйæн аргъ кæныны, махæн Уæлахиз чи балæвар кодта, уыцы хъæбатырты зоныны дæнцæг, — загъта Битары-фырт.

1942 азы карз тохтæ кæм цыдис, уым 8 апрелмæ уыдзæн быдырон лагерь. "Мысæн вахтæ"-йы архайынц 150 адæймаджы — Уæрæсейы æмæ Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларады бæстæты 14 субъекты 29 агурæг къорды уæнгтæ.

"Мысæн вахтæ"-йы программæйы ис агурæнсгарæн мадзæлттæ, Фыдыбæстæ хъахъхъæнгæйæ чи фæмард, уыдон кадджын уавæры ныгæнын, экскурситæ акцийы архайджытæн, ахуырдзау фæсивæдæн æмæ æппæт уæрæсеон патриотон змæлд "Юнармия"-йы ирыстойнаг архайджытæн лæгдзинады уроктæ саразын.

**Нæ уацхæссæг**

**Æмбырд**

## Къазнайады куысты хатдзæгтæ



**Знон уыдис федералон Къазнайады управленийы цæгатирыстойнаг коллегийы дзуапдæттæн æмбырд. Архайдтой дзы РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар Алексей МАЧНЕВ, Дзæуджыхъæуы мэр ÆЛБЕГАТЫ Барис, РЦИ-Аланийы Хицауады фыццаг хæдивæг СÆБÆТХЪУАТЫ Æхсарбег, Цæгат Кавказы федералон инспектор Андрей БЕССОНОВ, РЦИ-Аланийы финансты министры фыццаг хæдивæг ЗÆГЪОЙТЫ Алан, национ банкы цæгатирыстойнаг хайады разамонæджы хæдивæг ХЪУЛЧИТЫ Юри, Дзæуджыхъæуы администрацийы Финансон управленийы хицау ЦОХЪТЫ Хъазыбег, УФ-йы Президенты цур Финансон университеты директор УЫРЫМТЫ Зæирæ æмæ районты хайæдты кусджытæ.**

Æмбырды архайджытæ байхъуыстой сæйраг, федералон Къазнайады управленийы цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Айларты Галинæйы** раныхасмæ. Боны фæткмæ хаст æрцыдысты ивгъуыд азы куыстæн хатдзæгтæ скæныны, 2017 азы паддзахадон контрактты сæххæст кæныны æмæ, "Электронный бюджет" кæй хонынц, уыцы ногдзинадæй пайда кæныны фарстатæ. Айларты Галинæ загъта, куыд республикæйы къазнайады разамынд, афтæ федералон Къазнайады фæдзæхстытæ æмæ æндæр мадзæлттæ æххæст кодтой. 2016 азы куыстæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, уый загъта:

— Уыцы мадзæлттæй сæйрагдæр уыдис "Уæрæсейы Къазнайады стратегион картæ" æмæ проект "Къазнайады системæйы модернизаци". Нæ къухы бафтыдысты нæ нысантæ, ацы ран активонæй архайдтой управленийы районты дæлхайæдтæ æмæ фæллойадон коллективтæ иууылдæр. Уæлдай тынгдæр мæ фæбæрæг кæнын фæнды федералон Реестры хайады архайд. Сæ хæстæ афæдзы мидæг сæххæст кодтой, куысты фæтк куыд домы, афтæ. Биноныг бацархайдтой, æмæ сбæлвырд кодтой реестры бюджетон процессы архайджытæ æмæ дзы, чи нæ архайы, уыдон се 'ппæт дæр. "Электрон бюджет" къазнайады куыстмæ бахæссыны куыст æртæ фæлтæрæй цæудзæн. Фыццаг фæлтæр райдыдта 2015 азы. Кæронбæттæн æмгъуыд та у 2018 аз. Ивгъуыд аз Управленийы байгом æмæ æхгæд æрцыд, бюджетон системæйы æппæт æмвæзадты 420 хыгъды.

Управленийы раззагдæртæй иу у — æфтиæгты хайад. Ацы ран мах æнæмæнг æнцой кодтам æмæ кæнæм УФ-йы бюджетон кодексы бындурыл, федералон æмæ республикон закъонтыл, УФ-йы Финансты министрады нормативон гæххæттытæ æмæ фыстæджытыл.

2016 азы хъалонты æфтиæгтæ уыдысты 7,1 миллиард сомы, товартыл хъалонтæй æфтиæгтæ сырæзыдысты 5,8 миллиардмæ, исбонадыл хъалонтæ та 1,2 миллиард соммæ. Республикæйы бюджетмæ æрвыст æрцыд 11,0 миллиарды бюджетты æхсæн трансфертæ æмæ дотацитæй, пайдагонд кæмæй не 'рцыд, уыцы субсидитæй 2,1 миллиард сомы фæстæмæ æрвыст æрцыдысты Федералон бюджетмæ.

Къазнайады управленийы 2017 азы куысты пълантыл ныхасгæнгæйæ, йæ разамонæг фæбæрæг кодта, дарддæр дæр сæ куыст æппæт ведомствотæ æмæ дæлхайæдтимæ æмархайды бындурыл кæй араздзысты.

Æмбырды кæрон РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар Алексей Мачнев Парламенты Кады гæххæттытæй схорзæхджын кодта Федералон къазнайады управленийы æмæ районты дæлхайæдты раззагдæр кусджыты.

**САУТÆТЫ Тамилæ**
**Къам систа**
**КЪÆБЫСТЫ Харитон**

**Цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарад**

## Дон фæзынаргъдæр

**Йæ тариф ын кæй фæфылдæр кодтой æмæ уымæ гæсгæ уазал дон кæй фæзынаргъдæр, уый хæдзæртты хицæуттæй алчидæр банкъардта. Нормативмæ гæсгæ уазал донæн чи фиды, уыдоны ныр фидын хъæуы 50 проценты фылдæр, ивгъуыд азимæ абаргæйæ. Уымæ гæсгæ ныридæгæн уал Дзæуджыхъæуы цæрджытæй 19 565 адæймаджы сæ хæдзæртты кæнæ фатерты сæвæрын кодтой донпымайæнтæ.**

Бæрæг куыд у, афтæмæй, доннымайæн кæмæ нæй, уыдон ацы азы 1 январæй фæстæмæ уазал донæн фидынц зынаргъдæр тарифмæ гæсгæ (ивгъуыд азимæ абаргæйæ, тариф фæфылдæр 1,5 хатты). Уазал дон фæзынаргъдæр Уæрæсейы Хицауады 354-æм уынаффæмæ гæсгæ.

Доннымайæнтæ æвæрыны бар ис хицæн компанитæн, фæлæ, доннымайæнæй пайдагæнæн кæй ис, ахæм пломбæ йыл æвæры æрмæстдæр куыстуат "Дзæуджыхъæуы донуадзæг хызæг".

**Нæ уацхæссæг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæндзæм равзæрст Парламенты фæндзай æстæм æмбырд уыдзæн 2017 азы 30 мартъийы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2017 азы 30 мартъийы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары фойейы.**

**Телефон: 53-85-68.**

## Дзырды фарн

*Зæхх, нæ уромæг, нæ дарæг,*
*Зæхх, нæ уæлион дзæнæт!*
*Ды – нæ чысыл цины зарæг,*
*Ды – нæ бирæ хъыг, нæ мæт.*

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **29 мартъийы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **8 — 13 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **9 — 11 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 12,38** — **Хурыскаст** — 5,46; **Хурныгуылд** — 18,24

**Валютæйы аргъ** — **Доллар** — 56,88 ↓; **Евро** — 61,77 ↓

**Æмбырд**

# Бæстон цæстдард — паддзахадон фæрæзтæ хардз кæныны хъуыддагмæ

УФ-йы Генералон прокуроры хæдивæг Иван СЫДОРУК дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй горæт Стъараполы уыд хицаудзинады федералон æмæ регионалон органты разамонджыты æмбырд. Ныхасы рæстæг æркастæуыд паддзахадон æмæ сæрмагонд федералон программæтæн дихгонд фæрæзтæ сæ нысаныл хардз кæнын æмæ уыцы архайды рæстæг финансон фыдракæндтæ не 'руадзыны фарстатæм.

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийæ æмбырды архайдтой премьер-министр **Тускъаты Таймураз** æмæ прокурор **Владимир Векшин**.

Фембæлды рæстæг куыд загъдæуыд, афтæмæй 2016 азы алыхуызон ахсджиаг объектты арæзтад æмæ реконструкцийæн республикæйы нысангонд уыд 2 миллиарды æмæ 218,9 милуан сомы (уыдонæй: 1 миллиард æмæ 905,6 милуаны — федералон бюджетæй, 313,3 милуан сомы — консолидацигонд бюджетæй). Æппæт уыцы фæрæзтæ хардзгонд æрцыдысты пъланы бындурыл. Тускъаты Таймураз куыд бафиппайдта, афтæмæй объектты арæзтад æмæ реконструкцийæн æмæфсисады уагæвæрдмæ гæсгæ, республикæ йæхæдæг цы æхца хъуамæ радих кодтаид, уыцы фæрæзтæ дæр афойнадыл лæвæрд æрцыдысты.

"Ацы аз дæр республикæйы социалон-экономикон райрæзтæн ахсджиаг объекттыл арæзт æрцæудзæн зынгæ куыстытæ. Æппæт арæзтадон куыстытæм дæр бæстон цæстдард уыдзæн Хицауады, стæй цæстдарæн структурæты 'рдыгæй", — загъта Тускъайы-фырт.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæджы æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады пресс-службæ**

**Нысантæ**

## Арæзтадон куыстытæ — Национ музейы

**Цæгат Ирыстоны Национ музей цæттæ у бындурон рацарæзтмæ, арæзтадон куыстытæ хæстæгдæр бонты райдайдзысты. Хъуыддагыл дзуапдæттæг министрадтæ æмæ ведомствоты разамонджытæ бынатмæ æрцыдысты, федтой уавæртæ. Куыд бафиппайдтой, афтæмæй рохуаты нæ баззайдзæн сфæлдыстадон иугонд "Портал" дæр.**

"Ацы проекты архайæг фæсивæд сты курдиатджын æмæ сæм æргом здахын хъæуы. Тагъд сбæрæг уыдзæн сæ ног бынат æмæ сын фæзындзæнис сфæлдыстадон тыгъдад", — афтæ зæгъы арæзтад æмæ архитектурæйы министры фыццаг хæдивæг **Бызыхъоты Батрадз**.

Республикæйы Национ музей бындуронæй рацаразыны хъуыддаг хаст æрцыдис федералон нысанмæарæзт программæ "Уæрæсейы культурæ"-мæ. Объектæн 2017-2018 азты цы бюджетон æхца бахъæудзæн, уыдон фидаргонд æрцыдысты. Цæгат Ирыстоны разамынд хæс æвæры, цæмæй Национ музей азы кæронмæ йæ куыст æххæст кæнын райдайа, æмæ сæм цы бирæ экспозицитæ æфснайд ис, уыдон равдиса республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæн.

**Арæзтад æмæ архитектурæйы министрады пресс-службæ**

**Хатдзæгтæ**

# Бюджет банывыл кæныны мадзæлттæ

**Республикæйы бюджет банывыл кæныны мадзæлттыл дзургæйæ, хъуамæ рохуаты ма аззайа районты бюджетты уавæр. Уыдон куыд æххæстгонд цæуынц, уый, æнæмæнг, зыны республикæйы иумæйаг бюджетыл. Æххæстгæнæг хицаудзинады органты размæ лæууы хи фадæттæ, гæнæнтæ, фæрæзтæй хæдзардзинæй пайда кæныны, æнæхъуаджы хæрдзтæ фæкъаддæр кæныны хæс. Хицауады æмбырдтæм иу хаттæй иннæмæ, рахæссынц районты бюджеты уавæры тыххæй хатдзæгтæ. Финансты министры фыццаг хæдивæг ЗÆГЪОЙТЫ Алан æрæджы æрныхас кодта Рахизфарсы районы 2016 азы бюджеты тыххæй.**

Æдæппæтæй районы иумæйаг бюджеты хъалонты æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæ рауадысты 303,7 милуан сомы бæрц, уый та пъланæн уыд йæ 77 проценты. Хъалонты æфтиæгтæ 100 процентæй фæфылдæр сты, æнæхъалонты æфтиæгтæ та рауадысты 44 проценты.

Районы разамынд куыд нысан кодтой, уымæ гæсгæ нефты продуктты акцизтæй пълан сæххæст кодтой 104,4 проценты, хъалонæвæрынады хуымæтæг системæмæ гæсгæ, хъалон æмбырдгонд æрцыд 135 проценты бæрц, куыстуæтты исбонады хъалон — 144 проценты, зæххы хъалон — 104 проценты.

Кæд æмæ 2015 азы физикон иуæгты æфтиæгты хъалон 124 милуан сомы æрæмбырд кодтой, уæд ын цæмæдæр гæсгæ 2016 азмæ йæ пълан фæфылдæр кодтой 139 милуан соммæ. Æххæст та йæ не скодтой. Ныллæг рауад иумæйаг хъæууонхæдзарадон хъалон дæр — 70 проценты. Ацы ран дæр æнæбындур нысантæ кæй сæвæрдтой, уый аххосæй пълан нæ сæххæст кодтой. Хицæн адæймæгты исбоны хъалон рауад 86 проценты. Хъуыддаг къуылымпы кодта, районы иунæг терминал йеддæмæ кæй нæй, уый.

Æнæхъалонты гуырæнтæй æфтиæгтæ æмбæлгæ хуызы нæ райстой зæхх хаццоны дæттынæй (84 проценты) æмæ муниципалон исбонад уæй кæнынæй (0,8 проценты). Рахизфарсы районы иумæйаг бюджеты æфтиæгты хай æххæстгонд не 'рцыд, пъланмæ æнæбындур нымæцтæ кæй бахастой, уый тыххæй. 2017 азы 1 январмæ районы бюджет нысангонд хъалонтæ нæ райста 116,0 милуан сомы бæрц. Бынæттон хъалонтæй хæстæ фæкъаддæр кæныны охыл районы администраци кусы хъæуы сæргълæууджытимæ. Районы посты бастдзинады разамындимæ баныхас кæнгæйæ, фиддонтæ исынц æппæт хъæуты дæр.

Зæхх хаццоны цы куыстуæттæм ис, уыдон бюджетæй дарынц 52 милуан сомæй фылдæр. Ныридæгæн тæрхонадон пъырыстыфтæ хъуамæ 40,1 милуан сомы радомыны охыл сæххæст кæной уынаффæтæ. Тæрхондоны та ма æвзарынц хъуыддæгтæ 7,8 милуан сомæн. Хъæууон хæдзарадон нысаниуæджы зæххытыл чи кусы, уыдон хуыздæр фидынц. 2016 азы æрæмбырд кодтой 19 милуан сомы, уый та 2015 азимæ абаргæйæ у 2 хатты фылдæр. Зæххыты ацы категорийæ хæстæ 4,5 милуан сомы къаддæр фесты. Районты 'хсæн ацы бæрæггæнæн у æппæты хуыздæр.

Цæмæй Рахизфарсы районы бюджеты æфтиæгтæ фылдæргæнгæ цæуой, уый тыххæй хъуамæ фæахадгæдæр уа æфтиæгтæдæтджыты, районы æмæ хъæуты хицаудзинады æмгуыстад. Се 'ргом аздахой, æххæстæй цы хъалонтæ не 'мбырд кæнынц, уыдонмæ. Иннæ фæзилæн — бюджет æфсадыны хъуыддаджы чысыл амалхъомадæй спайда кæнын. Сусæггаг нæу, амалхъомты фылдæр хай æппындæр æфтиæгтæ кæй не 'вдисы, уый. 2015 азы иумæйаг хъæууонхæдзарадон хъалонæй ахæм "мæгуырæй" йæхи æвдыста алы цыппæрæм хъалонтæфидæг дæр. (Ома, 129 — 32).

Районы муниципалон хæс 80 милуан сомæй фæфылдæр. Кæд ацы бæрæггæнæн Бюджетон кодексы домæнтæн дзуапп дæтты, уæддæр æгæр бирæ у. Районы разамынд хъуыддагыл архайы, æмæ 2016 азы 8,6 милуан сомы къаддæр фæцис.

2017 азы райдайæнмæ æфстæуттæй хæс уыдис 104,4 милуан сомы, уыдонæй 63 милуан сомы сты коммуналон лæггæдтæй хæстæ. Фылдæр фидынц раздæры азтæн, афтæмæй аззайынц ныртæккæйы рæстæджы коммуналон фиддонтæ æмæ хæстыл æфты.

Рахизфарсы районы разамынд хъуамæ йæ къух сиса æнæбындур пълантæ бюджетмæ хæссыныл. Зæгъæм, 2017 азы сæ нымадмæ гæсгæ материалон æмæ æндæр активтæ ауæй кæнынæй хъавынц 36,12 милуан сомы райсын. Ивгъуыд азтæм афæлгæсгæйæ, уыдон сты, къухы чи нæ бафтдзæн, ахæм нымæцтæ. Афтæмæй бюджеты хæрдзты хай цæмæй сæххæст кæной, уый нæ разындзæн, уый та йæ фæстæ расайдзæн æфстæуттæ, сæ бафидыны æмгъуыдтæ дæр æргъæвд цæудзысты.

2016 азы ма фæфылдæр сты бынæттон хицаудзинады органтæ фæдарыны хæрдзтæ дæр. Ацы аз дæр хæрдзтæ рæздзысты, уымæ гæсгæ сæм хæдзардзин цæстæй акæсын хъæуы.

**ÆХСАРАТЫ Р.**

**Хорзы фæд нæ сæфы**

# Сгуыхт тренер, ахуыргæнæг, æцæг ирон лæг



Заманхъулы фæрнджын хъæубæсты цы куырыхон хистæртæ цард, ахæмтæ бирæ ис Ирыстоны, се 'гъдауæй, сæ зондæй, сæ кадæй — фæзминаг. Уыдон сæ фæстæ бирæ хорздзинæдтæ ныууагътой. Хъæубæсты хистæртæ, сылгоймагæй — нæлгоймагæй кæстæр фæлтæрыл тынг аудыдтой, æмæ уыдон дæр се 'ууæнкæй уыдысты разæнгард, коммæгæс.

Заманхъуйлаг фæрнджын бинонтæ Таутиаты Хъазыбег æмæ Гæлуаты Бабуцайы хæдзары райгуырд, адæмæн уарзон чи уыд, сыхбæсты, хъæубæсты — кадджын, Советон Цæдисы спорты сгуыхт мастер чи сси уæгъдибар хъæбысхæстæй, уыцы зындгонд тренер Таутиаты Зырапп (Жрап). Амонджын рæстæг уыд уыцы рæстæг. Тæхудиаджы фæсивæд ахуыр кодта иу къласы Зыраппимæ. Иу дæр дзы фæсте нæ баззад, иууылдæр райстой уæлдæр ахуырад: Хуыцъистаты Изетæ — Хуссар Ирыстоны сæйраг горæт Цхинвалы республикон рынчындоны дохтыр; Хадыхъаты Маир æмæ Бигъаты Хадзымусæ — æфсады булкъонтæ; Джимиты Беслæн бирæ азты фæкуыста Рахизфарсы районы администрацийы сæргълæууæгæй; Гуыбиаты Рамазан — республикæйы сгуыхт аразæг; Сидахъаты Юри — барадхъахъхъæнæг органты кусæг, булкъон; Гуыбиаты Рамазан (Гуыцыр) — фæндæгтæ аразæг; Æлбегты Руслан — Беслæны арæзтадон управленийы хицау; Хъуысаты Аннæ, Цхуырбаты Зоя, Алыбекты-Сидахъаты Розæ, Дзанæгаты Зоя (Раздзогæй), Хъараты Ритæ — ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ; Таутиаты Хъасболат (Гаппо) — хъæды хæдзарады кусæг; Хъуысаты Æкко — дæлбулкъон...

Цард æвзарæн рæстæг у, кæмæ цы кæсы, уый зын зæгъæн у. Таутиаты Зырапп 10 къласы фæци каст Кисловодскы. Йæ фыдыфсымæр, дæлбулкъон, хæсты ветеран, хæсты рæстæджы бандиттимæ тохы управленийы сæргълæууæг Таутиаты Мæхæмæты руаджы. Йæ хъысмæт æй ахаста Астæуккаг Азимæ æмæ уым æнтыстджынæй каст фæци автофæндагон техникум. Кусын райдыдта Душанбейы автогаражы хицауæй. Фæлæ йæ зæрдæ æхсайдта уæлдæр скъоламæ. Æмæ йæ бæллиц сæххæст, ахуыр кодта Душанбейы паддзахадон университеты физикон-математикон факультеты. Афæдзмæ сахуыр кодта таджикаг æмæ узбекаг æвзæгтæ. Кусын райдыдта Душанбейы физкультурæ æмæ спорты управленийы разамонæгæй. Уыимæ, университеты математикæйæ лæвæрдта уроктæ.

Иу уысм дæр йæ зæрдæ нæ сивта спортыл, йæ цæст дардта, ирон адæмæй Астæуккаг Азийы чи цæры, уыдоны цотмæ, суанг Пархары, Кулябы районтæм. Уыдис спорты мастер уæгъдибар хъæбысхæстæй, стæй мотоциклетон спортæй.

Уыдис... Царди... Куыд зын у ивгъуыд афоны дзурын, ахæм парахат зæрдæйы хицау, æрыгон фæсивæдæн йæ зонындзинæдтæ чи не 'вгъау кодта, мад æмæ фыды уæзæджы кад чи хъахъхъæдта, Заманхъулы фæсивæд размæ рацæуой, ууыл чи архайдта, уыцы фæлмæнзæрдæ Зыраппы тыххæй.

Ацы аз 8 мартъийы хъуамæ сæххæст уыдаид 80 азы Зыраппы райгуырдыл. Фæлæ... 1996 азы 26 ноябры йæ цардæй ахицæн хъæубæстæн — кадджын, сыхбæстæн — адджын, зæрдæхæлар хъæбысæйхæцæг, Советон Цæдисы сгуыхт тренер Таутиаты Зырапп. Уымæн царды йе стырдæр нысан уыдис искæмæн хорздзинад ракæнын. Йæ кæстæр хо йæм ацыдис Душанбемæ. Уыцы аз Зоя бацыд Кулябы медицинон училищемæ, каст æй фæци æнтыстджынæй æмæ ныр æнусы æмбисы бæрц кусы хистæр медицинон хойæ нæхи центрон клиникон рынчындоны травматологийы хайады. Йæ кæстæр хо Беллæ Кулябы паддзахадон университеты каст фæци райдайæн ахуыры методикæйы факультет. Зырапп æрмæст йæ хотæн нæ уыд æххуысгæнæг. Хъантемыраты Фатимæйы (Никку) акодта Заманхъулæй, бакодта йæ университетмæ, каст æй фæци æмæ бирæ азты фæкуыста ахуыргæнæгæй, абон рæвдауы йæ хъæбулты хъæбулты.

Дзгойты Азæ, Светæ æмæ се 'дзард æфсымæр Хазби (рухсаг уæд) Астæуккаг Азимæ афтыдысты хуыздæр цардагур. Зырапп сæ куы базыдта, уæд хистæр æфсымæры хуызæн баузæлд се 'ппæтыл дæр. Æртæйæ дæр райстой уæлдæр ахуырад, Азæ æмæ Светæ бирæ азты фæкуыстой нæ республикæйы адæмон хæдзарады къабæзты, абон рæвдауынц сæ хъæбулты хъæбулты.

— Æз стыр бузныг дæн Зыраппæй, махмæ мадызæнæджы цæстæй каст, рæвдыдта нæ, хъуаг нæ ницæмæй уагъта. Суанг ма нæм дзæгъæлдзырд дæр ничи уæндыди, адон Зыраппы хотæ сты, зæгъгæ, — дзуры Азæ. — Мæрдты дзæнæты бадæд, мах ын йæ хорздзинад цæрæнбонты нæ зæрдыл дардзыстæм.

Таутиаты Зырапп бирæ ирон фæсивæды сæвæрдта раст фæндагыл, уыдонимæ Езеты Мирик, Цыдаты Алик (рухсаг уæд), Сидахъаты Руслан, Махъоты Славик, Цагъаты Славик, Таджикистаны республикæйы цалдæр хатты сгуыхт богал хъæбысæй хæцынæй Едзаты Виктор, æмæ сæ чи фæуыдзæн нымад.

— Куыд мадызæнæг, афтæ æрæмысын Зыраппы, бирæ мын ис ист йемæ къамтæ дæр, мах ерысты рæстæджы дæр æххормагæй, æнæцæстæнгасæй никуы ныууагъта. Хъусгæ дæр æм кодтам куыд нæ хистæр, афтæ, æмæ нæ æфхæргæ дæр никуы бакодта. Уый фæндонæй каст фæдæн раздæр техникум, уый фæстæ та — институт. Бирæ цæуылдæрты нæ сахуыр кодта царды дæр, хистæртимæ куыд дзурын хъæуы, суанг ма хи куыд дарын хъæуы, уый дæр, — дзырдта мын Едзаты Виктор.

Цард вазыгджын у, æмæ адæймаджы кæдæм аппардзæн, уый бæрæг нæу. Афтæ рауад Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, республикон радиойы редактор Цомартаты Изæтбеджы хъысмæт дæр. Астæуккаг Азийы зæххыл куы æрлæууыд, уæд йæ фыццаг фысым уыд йæ сыхаг, Заманхъулы кæимæ хъомыл кодта, уый — Таутиаты Зырапп.

— Уый мæн афтæ суазæг кодта, раст цыма мæнмæ æнхъæлмæ каст. Зыраппæн стыр аргъ кодтой педагогон институты хицауад æмæ горæты хицауад дæр, хæрзæгъдау кæй уыди, æрыгон фæсивæды рæдийын кæй нæ уагъта, фæлæ сæ спорты, ахуыры фæндагыл кæй арæзта, уый тыххæй. Зырапп-иу уынджы куы 'рбацæйцыд, уæд-иу таджикаг ас лæгтæ сыстадысты, (ахуыргæнæг) муалим æрбацæуы, зæгъгæ. Сывæллæттæ-иу ыл æрæмбырд сты, уый сæ-иу йæ дæларм бакодта, æмæ-иу афтæмæй цыди. Бирæ хорз ныхæстæ ис зæгъæн Зыраппы тыххæй, — дзуры Изæтбег. — Æз никуы ферох кæндзынæн йæ узæлд, ирон адæймаджы æрцыд фехъусæд, уый йеддæмæ-иу æй йæхæдæг агуырдта. Цалдæр хатты уыд къухылхæцæг, ирон адæмæй уым бинонтæ чи скодта, уыдонæн.

Уататы Бибо (рухсаг уæд) фыццаг хатт киноныв исынмæ куы ацыд, уæд йæ фыццаг фысым уыд Зырапп, кæд йæ мадыхо Зояимæ иу кæрты цардысты, уæддæр.

Адæймаг цасфæндыдæр искуы куы фæцæра, уæддæр агуры райгуырæн хæдзар, райгуырæн бæстæ. Æмæ Зырапп дæр æрбацыд Ирыстонмæ. Куыста нæ горæты ОПАП-1 профкомы сæрдарæй, транспортон управленийы сæйраг механикæй, фæлæ йе 'нæниздзинад куы фæцудыдта, уæд кусынмæ нал ацыд. Бæргæ ма архайдта йæ иунæг чызг, медицинон наукæты кандидат, клиникон рынчындоны сæйраг дохтыры хæдивæг, кардиолог Индирæ йæ фыды æнæниздзинад фæхуыздæр кæныныл, фæлæ адзалæн мадзал нæй.

Ссæдз азы размæ Зыраппæн йе 'нæнцой зæрдæ, адæмыл афтæ æнувыд чи уыд, адæм абон дæр кæй нæ рох кæнынц, бузныг кæмæй сты, уыцы хорз лæджы зæрдæ йæ куыстæй банцад. Рæстæг рацыд, фæлæ йæ фондз хойы æмæ æфсымæр Раманы зæрдæйæ иу бон дæр рох нæу.

Зырапп фæцард æрмæстдæр 58 азы, фæлæ йæ фæстæ цы фæд ныууагъта, уый никуы ферох кæндзысты Заманхъулы хъæубæстæ, йæ сыхбæстæ, йæ фондз хойы — Минтæ, Зоя, Беллæ, Верæ æмæ Валя, йе 'фсымæр Раман, йе 'мбæлттæ Джимиты Беслæн, Хадыхъаты Маир, Бигъаты Хадзымуссæ, кæимæ куыста, уыцы фæрнæйдзаг адæм.

Мæнæ цы зæгъынц заманхъуйлаг фæрнджын хистæртæ Таутиаты Хъазыбег æмæ Гæлуаты Бабуцайы хистæр зæнæг Минтæ:

— Мах уыдыстæм бирæ бинонтæ, нæ фыд Хъазыбег æмæ не схæссæг, хистæр мад Хъуысаты Госæнагъуæ, дыууæ æфсымæры æмæ фондз хойы. Госæнагъуæ тынг зондджын адæймаг уыд æнахуыргондæй. Кæд исчи йе схæссæг мадæй фæбузныг, уæд — мæ хотæ, æз æмæ ме 'фсымæртæ дæр. Мах дзы "фыдыус", зæгъгæ, никуы загътам. Цыдæриддæр нæм хорздзинадæй ис, уыдон нын нæ туджы Госæнагъуæ бауагъта. Мах æм не 'ппæт дæр хорз зæрдæ дардтам. Нæ мад Бабуца Госæнагъуæйы æнæбафæрсгæйæ иу хъуыддаг дæр никуы бакодта, афтæмæй нæ фыды хæдзары фæцардысты "а" æмæ "о"-йæ иу æмæ дыууиссæдз азы.

Хъазыбег, Госæнагъуæ æмæ Бабуца, семæ Зырапп дæр, афтæмæй дзæнæты бадæнт. Сæ фæстæ кæй ныууагътой, уыдоныл цардаудæн кæнæнт. Хæрзаудæн кæнæнт Заманхъулыл æмæ нæ гыццыл Стыр Ирыстоныл дæр.

**БАГАТЫ Аврам**

**Номдзыд артист Саламты Къолайы кадæн**

# Сыгъдæг зæрдæйæ фæлæггад кодта Ирон театрæн

**Ирыстоны театралон аивады æмæ культурæйы артдзæст схонæн ис горæт Æрыдон. Ардыгæй царды уæрæх фæндагмæ цы адæм рацыд, уыдонæй бирæтæ сæ курдиатæй, сæ зондæй, сæ зæрдæйы рæсугъддзинадæй кад скодтой Ирыстонæн æмæ суанг Уæрæсейæн.**



**Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Мерденты Юри, Лекъты Юри, Лекъты Мурат, Хъуылаты Елхъан, Реуазты Симæ, Мыстулаты Иринæ, Къуымæлæгкаты Бибо** æмæ **Мурат**... Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, Советон Цæдисы адæмон артист, драматург Саламты Къола фæндзай азæй фылдæр сыгъдæгзæрдæйæ фæллæггад кодта Ирон театрæн. Йæ сценæйы цы аив фæлгонцтæ сарæзта, уыдонæй сæ алкæцыдæр уыд хæдхуыз æмæ зæрдæмæхъаргæ, йæ хъайтарты сурæттæй сæ алкæцы дæр лæууы аивадуарзджыты зæрдыл, спектакльтæй йæ репликæтæ адæм дæттынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ, цы зонды, цы та ахудыны хосæн.



Ацы аз Саламты Къолайы райгуырдыл æххæст кæны 95 азы. Уый кадæн къуырисæры, Æрыдоны кæм цард, уыцы хæдзары (Кировы уынджы 117-æм хæдзары) байгом мемориалон музей. Йæ саразыныл зæрдиагæй бацархайдтой Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администраци æмæ РЦИ-Аланийы Парламенты депутат **Саламты Анатоли**. Музей гом кæныны кадджын мадзæлтты архайдтой Культурæйы министрады, Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы бæрнон кусджытæ, Ирон театры артисттæ, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, Саламты мыггаг, Æрыдоны цæрджытæ, хиуæттæ æмæ хæстæджытæ.

Кадджын æмбырд уыд музейы кæрты. Йæ райдайæны йæ архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Тотраты Владислав**. Уый фæстæ раныхас кодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Дудайты Чермен**, Ветеранты республикон советы сæрдары хæдивæг **Петр Созыкин**, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры аивадон разамонæг, УФ-йы сгуыхт артист **Гуыбиаты Хъазыбег**, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, зындгонд режиссер **Бекъойты Розæ**. Уый бахаста фæндон: Дзæуджыхъæуы, Саламты Къола кæм цард (Ватутины уынджы 53-æм хæдзары), уый къулыл дæр йæ бинойнаг УФ-йы адæмон артисткæ Беккуызарты Уарзетæимæ сын цæмæй иумæ æвæрд æрцæуа номарæн къæй. Розæйы уыцы фæндоныл æмбырдыуæвджытæ се 'ппæт дæр сразы сты.

Фембæлды ма Саламыфырты бирæвæрсыг курдиаты тыххæй сæ мысинæгтæ æмæ хъуыдытæ дзырдтой УФ-йы адæмон артист **Вячеслав Вершинин**, РЦИ-Аланийы адæмон артист **Гæлæуты Анатоли**, УФ-йы сгуыхт нывгæнæг **Дзбойты Михал**, зындгонд кинорежиссер, сценарист, РЦИ-Аланийы æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг **Бырнацты Измаил**, Саламты Къолайы чызджы чызг **Дарчиты Юля**. Раныхасгæнджытæн сæ хъуыдытæ Саламты Къолайы цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон æмæ литературон архайды тыххæй гуырыдысты зæрдæйы æмæ уды æрфыты. Уый фæрцы та курдиатджын артисты, хъæбатыр хæстоны, дæсны драматурджы, зæрдæхæлар æмæ цæстуарзон хистæры сурæт цæстытыл ауад ирдæй æмæ уырнинагæй.

Саламты Къолайы номарæн бæрæгбоны сæ курдиат равдыстой Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры артисттæ **Заойты Эльбрус, Тыбылты Анжелæ, Гæбуты Жаннæ** æмæ **фæсивæдон театр "Амыран"-ы** артисттæ. Саламты мыггаджы зарæг фембæлды архайджыты размæ рахаста курдиатджын зарæггæнæг **Саламты Эльвирæ**.

Уый фæстæ уазджытæ бахызтысты мемориалон музейы уæрæх æмæ райдзаст уæттæм. Ам фенæн уыд Саламты Къолайы цард, хæстон фæндæгтыл æмæ сфæлдыстадон архайдыл дзурæг æрмæджытæ: къамтæ, портреттæ, къухфыстытæ, артисты сценикон уæлæдарæс, документтæ æмæ æндæр цымыдисаг æрмæджытæ. Чи сæ федта, уыдон æмхуызонæй загътой, ацы мемориалон музей хъуамæ суа канд Æрыдоны цæрджыты нæ, фæлæ Ирыстоны ирон театралон аивады артдзæст. Сæрмагондæй музейæн Æрыдоны районы культурæйы управлени балæвар кодта хуызджын телевизор.

Уыцы бон ма Саламты Къолайы райгуырæн хæдзары къулыл кадджын уавæры байгом кодтой номарæн къæй. Йæ автор Уæрæсейы Федерацийы Нывгæнджыты цæдисы уæнг, зындгонд скульптор **Цæргæсты Олег**. Байгом æй кодтой номдзыд артисты чызг **Саламты Галинæ** æмæ Æрыдоны адæмон театры ветеран **Хъуыдакаты Ахарбег**.

Номдзыд ирон актер, Советон Цæдисы адæмон артист, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Саламты Къолайы райгуырды 95 азы кадæн арæзт номарæн фембæлд цæмæй æмбæлгæ уагыл ацæуа, ууыл зæрдиагæй бацархайдтой Æрыдоны районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы культурæйы управленийы сæргълæууæг **Биазырты Таймураз**, РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, зындгонд режиссер **Мерденты Марат**, мадзал амонджытæ РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг **Баскаты Уырызмæг** æмæ **Мамсыраты Иринæ**.

**АНВАРАТЫ В.**

Аивады дæсныты

# Зары Котолиты Мария!

Зары Котолиты Мария! Цал æмæ цал хатты райхъуыстысты концертты æмæ алыхуызон аивадон изæрты ацы ныхæстæ Цæгат Ирыстоны филармонийы, Оперæ æмæ балеты паддзахадон театры сценæтæй! Æмæ та-иу зал байдзаг аивадуарзджыты тыхджын къухæмдзæгъдæй, зæрдæбын арфæтæй! Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Котолиты Мария нæ аивадæн сыгъдæгзæрдæйæ, уæхскуæзæй лæггад кæны фæндзай азæй фылдæр. Йæ хъæлæс у арвау æнæбын алæмæт зæлтæй дзаг. Уый-иу зарæг куы систа, кæнæ-иу Оперæ æмæ балеты паддзахадон театры оперæйы, кæнæ опереттæйы аритæ куы зарыд, уæд-иу æм цыма нæ хæхтæ, æхсæрдзæнтæ, цæугæдæттæ æрыхъуыстой, афтæ каст адæймагмæ. Йæ хъæлæс та йæ зæлынадмæ гæсгæ уыд фыдæлты мæсгуытау бæрзонд, дзæнхъа дурау æрттивгæ, булæмæргъы зардау зæллангæнаг æмæ аив.



Котолиты Сергейы чызг Мария райгуырд Ирыстоны кадджындæр хъæутæй иу Ногиры. Йæ сабидуг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ уæззау азты арвыста хъæуы астæуккаг скъолайы ахуыр кæнгæйæ. Уый æнтыстджынæй каст куы фæци, уæд та йæ мадимæ куыста колхозы. Йæ зæрдæйы вокалон аивадмæ уарзты зынг кæй судзы, уый раджы рахатыдта, фæлæ йын ахуырмæ бацæуыны фадат нæ уыд. Афтæмæй æвзонг чызг йæ гæххæттытæ балæвæрдта медицинон æмæ базарадон техникумтæм. Фæлæ, уырыссаг æвзагæй йæ зонындзинæдтæ хуыздæрхъуаг кæй уыдысты, уымæ гæсгæ та-иу йæ фæндæй ницы рауад. Баззад ма йæ зæрдæйы иу бæллиц — зарæггæнæг суæвын.

Уыцы рæстæг Ирон драмон театры цыд Туаты Дауыты пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль "Пæсæйы фæндон". Ацы спектакль фенынмæ Ногирæй Дзæуджыхъæумæ фистæгæй тынг арæх цыд Мария. Цы зарджытæ дзы уыд, уæлдайдæр Æхсарбеджы зарæг, уый зæрдывæрдæй сахуыр кодта æмæ сæ-иу зарыд колхозы куыстæй улæфты рæстæг. Нæлгоймæгтæ дæр-иу ирон адæмон зарджытæ куы зарыдысты, уæд сæм Мария хъусынæй не 'фсæст. Уый нæ, фæлæ ма-иу хатгай семæ дæр азарыд. Уый бафиппайдта сæхи хъæуккаг, литературæиртасæг Джиоты Хазби. Æмæ йын загъта, æвæстиатæй йæ кæй хъæуы, зарыны аивадыл кæм ахуыр кæнынц, уыцы ахуыргæнæндонмæ бацæуын.

Мария фыццаг нæ разы кота, фæлæ фæстагмæ Хазбийы амындмæ гæсгæ ссыд Дзæуджыхъæумæ. Ссардта музыкалон техникум (ныр Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледж). Бацыд йæ директор Владимир Горшковмæ. Мария, кæд уырыссаг æвзаг хорз нæ зыдта, уæддæр ын куыддæртæй бамбарын кодта, зарæггæнæг суæвын æй кæй фæнды, уый. Фæлæ уæдмæ техникуммæ бацæуынæн фæлварæнтæ фесты. Владимир чызгæн фæтæригъæд кодта æмæ фæдзырдта техникумы концертмейстер Надеждæ Засуринамæ. Уый йæ бакодта ахуыргæнæн къласмæ. Мария дзы фортепиано куы федта, уæд тынг бадис кодта, мæнæ цы стыр фæндыр ис, зæгъгæ.

Надеждæ йæ фыццаг, чи у, кæцæй у, уыцы хабæрттæй бафарста,уый фæстæ йын райдыдта нотæтæм гæсгæ йæ хъæлæс фæлварын. Фæстагмæ йын афтæ зæгъы: "Ой, как жаль, материал очень хороший, но слуха нет". Мария уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд сæ дзæбæх нæ бамбæрста, æмæ афтæмæй æрхуымæй рацыд техникумæй.

Дзырд "Слух, слух" дзургæйæ бацыд йæ мады хомæ. Уыцы рæстæг уый Дзæуджыхъæуы Никитины уынджы цардис. Йæ чызг Светланæ йæ фæрсы: "Кæм уыдтæ, Мария?". Уый йын хабæрттæ ракодта. Æцæг ма, дам, мын, зæгъы, мæ хо, слух цы у, уый бамбарын кæн. Æмæ йын Светланæ, слух цы у, уый куы бамбарын кодта, уæд та дыккаг хатт Мария ацыд музыкалон техникуммæ. Н. Засуринайæн загъта: "Я знаю, что такое слух". Уыцы рæстæг техникумы директор Владимир Горшков æрбахызт къласмæ. Чызджы дыккаг хатт куы федта, уæд бадис кодта, фæлæ ницы сдзырдта. Надеждæ фæрсы Марияйы, цы азардзæнис, уымæй. Чызг ын загъта: зарæг "Тауче". Уыцы рæстæг уый тынг уарзон æмæ зындгонд зарæг уыдис. Æмæ та Надеждæ фортепианойыл куы æрцагъта, уæд æй Мария ныззарыд. Зард куы фæци, уæд техникумы директор æмæ концертмейстер æмхуызонæй нымдзæгъд кодтой. Æмхъæлæсæй загътой: "Это же большая находка для нас!". Æмæ Марияйы æнæ фæлварæнтæй райстой ахуыр кæнынмæ музыкалон техникумы фыццаг курсмæ.

Йæ бæллиц сæххæст ногираг курдиатджын чызгæн. Зæрдæргъæвдæй æргом кодта йæхицæн вокалон аивады сусæгдзинæдтæ. Уымæн та йын стыр æххуыс кодта йæ ахуыргæнæг Фридæ Нусинова. Фидарæй йæ уырныдта, Марияйæ фидæны хорз оперон зарæггæнæг кæй рауайдзæн, уый. Æмæ нæ фæрæдыд, фæлæ, Мария кæд ахуыр зæрдиагæй кодта, уæддæр йæ царды социалон уавæртæ зын уыдысты. Иу рæстæг сфæнд кодта йæ ахуыр ныууадзын дæр. Уыцы хабар æрцыд училищейы уæды директор Цопанаты Хаджумары хъустыл. Уый æвæстиатæй фæдзырдта чызгмæ, бирæ ныфсæвæрæн ныхæстæ йын фæкодта, стæй йын радта æхца, цæмæй дзы Мария йæхицæн хъарм уæлæдарæс æмæ дзабыртæ балхæна. Хаджумары ахæм цæстуарзон ныхæсты æмæ лæвары фæстæ Мария фæныфсджындæр æмæ ноджы разæнгарддæрæй æмæ зæрдиагдæрæй райдыдта ахуыры бæрзæндтæм хизын.

Дыккаг курсы ахуыр кæнгæйæ, Мария архайдта астæуккаг ахуыргæнæндæтты студентты зарæггæнджыты Æппæтуæрæсеон конкурсы горæт Горькийы. Бацахста дзы æртыккаг бынат. Æвзонг чызджы курдиат дисы бафтыдта жюрийы уæнгты æмæ архайджыты. Уый æцæгæй дæр афтæ кæй у, ууыл дзурæг у уый, æмæ йын Горькийы аивæдты училищейы директор Домбаев загъта: "Диссаджы хъæлæс дын ис. Тынг мæ фæнды, махмæ ахуыр кæнынмæ куы рацæуис,уый". Фæлæ Мария уыцы фæндыл не сразы. Ссыд йæ райгуырæн уæзæг Ирыстонмæ. Училищейы ма ахуыр кодта, афтæмæй йæ райстой Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиойы зарæггæнджыты къордмæ. Уæдæ йæ царды уавæртæ дæр уыцы рæстæгмæ зынгæ фенцондæр сты. Æмæ мæнæ рогбазыр зырнæджытау иу иннæйы ивгæ кæрæдзийы фæдыл атахтысты йæ ахуыры азтæ.

Училищейы рауагъдонты дзуапдæттæн концерты Цæгат Ирыстоны симфонион оркестримæ Мария азарыд Римский-Корсаковы оперæ "Царская невеста"-йæ Любашæйы ари æмæ иннæ зындгонд композитор Арутюняны фыст "Авдæны зарæг". Афтæ дæсны сæ азарыд, æмæ паддзахадон фæлварæнты къамисы уæнгтæ æмхъæлæсæй загътой; "Ацы курдиатджын чызджы консерваторимæ арвитын хъæуы". Мария сын сæ уыцы хъуыды куы фехъуыста, уæд æвиппайды йæ зæрдæ ахсайдта йæ мад æмæ фыдмæ. Æз, зæгъы, Мæскуымæ куы ацæуон, уæд мæ ныййарджытæ та куыд цæрдзысты æнæ мæн.

Æрыгон чызг паддзахадон фæлварæнты къамисы уæнгты фæнд бамбарын кодта йæ фыдæн. Уый фыццаг нæ разы кодта, мæ чызг уыцы стыр горæты цæргæ та цæмæй кæндзæн, зæгъгæ. Фæлæ йын Мария ныфсытæ æвæрдта, хорз кæй ахуыр кæндзæн æмæ йæхи дарын, стæй ма йæ ныййарджытæн дæр æххуысхъом кæй уыдзæн, уымæй. Цыдæриддæр уыди, уæддæр йæ чызджы фæндоныл сразы йæ фыд. Æмæ Мария сси Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл консерваторийы вокалон хайады студенткæ. Ам та йæ ахуыргæнæг уыд йæ рæстæджы номдзыд зарæггæнæг Еленæ Кузьмина. Суанг консерваторимæ бацæуыны фæлварæнты йыл, куыд суинаг стыр зарæггæнæгыл, афтæ сæ цæст æрæвæрдтой къамисы уæнгтæ. Уæлдайдæр та йæ сæргълæууæг, номдзыд оперон зарæггæнæг Верæ Максакова. Уый йæм куы байхъуыста, уæд ын афтæ: "Хъусыс, чызг, сфæлдыстады дæм стыр фидæн кæй æнхъæлмæ кæсы, уый дæ рох ма уæд. Æмæ ахуыры рæстæг дæхиуыл зæрдиагæй кус".

Ацы ныхæстæ Марияйæн уыдысты ныфсæвæрæн, стæй фæдзæхсты хуызæн. Æмæ, уыдон зæрдыл даргæйæ, хызт ахуыры æмæ сфæлдыстадон куысты бæрзæндтæм. Каст бирæ чингуытæ, иудадзыг цыд Мæскуыйы стырдæр театрты зындгонддæр оперон æмæ драмон спектаклтæм, Мæскуыйы паддзахадон филармонийы концерттæм. Не 'мзæххон йæ курдиатæй йæхимæ æркæсын кодта консерваторийы ахуыргæнджыты æмæ профессорты.

Марияйы хорз ахуыры кой сыхъуыст Ирыстонмæ. Æмæ йын нæ республикæйы уæды рæстæджы хицауад снысан кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон стипенди. Ахæм кад та бирæтæм нæ хауди, æмæ Котолиты хъуытазхъæлæс чызг ноджы зæрдиагдæрæй бавнæлдта дунеон æмæ уырыссаг вокалон аивады сусæгдзинæдтæ æргом кæнынмæ. Иу курсы йемæ ахуыр кодтой ныры рæстæджы номдзыд болгайраг зарæггæнæг Николай Гяуров æмæ Советон Цæдисы адæмон артисттæ Тамарæ Милашкина æмæ Юрий Мазуров. "Кæд стыр курс уыдыстæм, — мысы Мария, — уæддæр уыдыстæм иу хæдзары бинонтау æнгом, кæрæдзийæн æххуысмæ цæттæ кæддæриддæр".

Консерваторийы ахуыр кæнгæйæ, Мария уайтагъд йæхи бауарзын кодта йæ ахуыргæнджытæн æмæ профессортæн. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй цыбыр рæстæг ацард консерваторийы æмдзæрæны, фæстæдæр æй йæхи фатеры æрцæрын кодта йæ ахуыргæнæг Еленæ Кузьмина. Уый уыд зæрдæхæлар, цæстуарзон сылгоймаг. Азтæ йыл сæ уæз æруагътой, æмæ йын хæдзары зылдтыты æххуыс кодта Мария. Никуы ницæмæй йæ бафхæрдта йæ ахуыргæнæг, никуы ницæмæй йыл йæ зæрдæ фæхудт, афтæмæй, цалынмæ ирон курдиатджын чызг консерваторийы ахуыр кодта, уæдмæ йын Еленæйы фатер сси раст хи хæдзарау адджын.

1958 азы Мария æнтыстджынæй каст фæци Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерватори. Хæрзбон загъта йæ уарзон ахуыргæнджытæн æмæ сыздæхт Ирыстонмæ. Йæ стыр вокалон хъарутыл æмæ авналæнтыл нæ ауæрдгæйæ, рæстæг нæ хатгæйæ, уæхскуæзæй бавнæлдта сфæлдыстадон куыстмæ. Райдыдта кусын Цæгат Ирыстоны музыкалон-драмон паддзахадон театры. Куыд оперон зарæггæнæг, афтæ сарæзта бирæ зæрдæагайгæ сурæттæ: Плиты Христофоры, Хуыгаты Георы æмæ Хуыбецты Раяйы опереттæ "Уалдзыгон зарæджы" — Меретхан, Чайковскийы оперæ "Евгений Онегин"-ы — Нанайы, Гæбæраты Ильяйы оперæ "Олланæ"-йы — Олланæ, Жорж Бизейы оперæ "Кармен"-ы — Кармен æмæ бирæ æндæрты. Ацы оперæты æмæ опереттæты Марияйы арæзт фæнгонцтæй иу иннæйы хуызæн нæ уыд. Котолион дзы алы сурæтыл дæр арæхстджын зæрингуырдау куыста зæрдиагæй æмæ арæхстджынæй. Цалынмæ-иу æй йæ зæрдæйы æмæ уды æрфыты, йе сфæлдыстадон миддунейы нæ бахсыстаид, йæ æгæрон курдиаты æвидигæ ахорæнтæй йæ не сфидауын кодтаид, уæдмæ-иу æй аивадуарзджыты тæрхонмæ нæ хаста. Уымæ гæсгæ, афтæ зæгъæн ис, æмæ Марияйы алы рацыд дæр сценæмæ ацы фæлгонцты æнæ дызæрдыгæй схонæн ис зынгæ цау нæ республикæйы аивады азфысты.

1960 азы Мæскуыйы Ирон аивады æмæ литературæйы декадæйы нæ курдиатджын оперон зарæггæнæг Котолиты Мария нæ республикæйы æмæ Советон Цæдисы аивадуарзджыты размæ рацыд Плиты Христофоры оперæ "Къоста"-йы Сидзæргæсы ролы. Ам дæр йæ курдиат райхæлд уардийау парахатæй æмæ уырнинагæй. Декадæйы рæстæг кæд ирон

> **Котолиты Мария ирон аивадæн цы стыр хæрзты бацыд, уый тыххæй йæхицæн уæлдай хæрзтæ æмæ кад никуы домдта, афтæмæй йæ хъæздыг сфæлдыстадон архайдæй раджы сси Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисты кадджын номы аккаг, фæлæ, зæгъынц, æрæджиуы хорзæх дæр хорзæх у. Уымæ гæсгæ ацы хъуыддагыл нæ республикæйы Хицауад куы батыхсиккой, уæд уый уаид стыр хорздзинад канд Марияйы бирæ лæггæдтæн нæ, фæлæ ирон адæмы раз дæр...**

аивады дæсныты къухы исты æнтыстдзинад бафтыд, уæд уыцы стыр æмæ æвæллайгæ куысты уыд Котолиты Марияйы стыр фыдæбон дæр. Уый фæстæ йын лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæмон артисты кадджын ном. Ацы стыр хæрзиуæг ын йæхиуыл фервæссыны æфсон нæ радта, фæлæ ма йæ сразæнгард кодта ноджы зæрдиагдæр сфæлдыстадон архайдмæ. Куыд зарæггæнæг, афтæ Марияйы репертуар стыр æмæ хъæздыг уыд дунейы, нæ бæстæйы æмæ ирон композиторты хуыздæр зарджытæй æмæ романстæй. Фылдæр та сæ-иу зарыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы симфонион оркестримæ нæ республикæйы хъæуты, хицауадон концертты, Советон Цæдисы горæтты гастрольты рæстæг. Абон дæр Мария æхсызгонæй æрымысы, паддзахадон филармонийы зарæггæнæгæй куы куыста, уыцы амондджын рæстæг. Уæд, зæгъы, аивадуарзджытимæ алы фембæлд дæр мын уыд стыр бæрæгбонау æхсызгон. Сæ цæстыты æхсызгон æрттывд та мын лæвæрдта цæрыны æмæ мæ аивады фæндагыл ноджы фидардæр къахдзæфтæ кæныны хъомыс. Сæ арфæтæй мыл-иу алы концерты фæстæ дæр базыртæ базад. Номдзыд ирон зарæггæнæг абон æхсызгонæй кæй æрхъуыды кæны, уыдон сты Цæгат Ирыстоны симфонион оркестры раздæры сæйраг дирижер, Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист Павел Ядых, Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг, музыкæиртасæг æмæ концертмейстер Ольгæ Потапова. Уыдон, дам, уыдысты, ирон аивадæн удуæлдай лæггад чи фæкодта, йæ хæрзтæ йын дзыллæтæм чи хаста, уыцы зондджын, уæздан æмæ фендджын адæймæгтæ. Семæ кусын мын, зæгъы, уыд зæрдæрухсдзинады æмæ амонды хос. Ахæм зæрдæйы хорз уагимæ мысы номдзыд музыкант æмæ дирижер Анатолий Брискины дæр.

Марияйы курдиатыл дзургæйæ, æнæ зæгъгæ нæй, уый кæй у ирон композиторты уацмыстæ нæ бæстæйы æмæ Советон Цæдисы мингай аивадуарзджыты рæгъмæ фыццагдæр аивæй æмæ хæдхуызæй чи хаста, уыцы зæринхъæлæс артисттæй сæ фыццаг. Цæвиттон, иуахæмы Цæгат Ирыстоны филармонийы симфонион оркестр Мæскуыйы концертон залтæй иуы концерт куы лæвæрдта, æмæ дзы Мария Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæйыл фыст романс "Джук-Тур" фортепианойы цагъдмæ куы азарыд, уæд, залы Ирыстоны Культурæйы министрадæй цы бæрнон адæм бадт, уыдонæй иуæн зындгонд музыкалон критик Жаннæ Дозорцева загъта: "Осетия, гордитесь, у вас есть своя Обухова". Мæ ныхас фæбæлвырддæр кæныны тыххæй зæгъдзынæн уый, æмæ уæд Котолиты Марияйы абарстой номдзыд советон оперон зарæггæнæг, Советон Цæдисы адæмон артисткæ Надеждæ Обуховаимæ. Ахæм бæрæггæнæн та дзурæг у ирон оперон зарæггæнæджы стыр курдиаты уæрæх æмæ ирд авналæнтыл.

Котолиты Мария йæ дзыллæйæн æрмæст, куыд оперон зарæггæнæг, нæ балæггад кодта, фæлæ ма сыгъдæгзæрдæйæ кодта æмæ кæны рухстауæн куыст. Уыд Дзæуджыхъæуы музыкалон-педагогон æмæ республикæйы культурæйы колледжты ахуыргæнæг, ЦИПУ-йы аивæдты факультеты ахуыргæнæг. Ацы ахуыргæнæндæтты кусгæйæ, схъомыл кодта æмæ аивады фæндагыл сæвæрдта абон зындгонд зарæггæнджыты. Уыдонимæ — Дзæгъиаты Риммæ, Кочиты Васили (рухсаг уæнт дыууæйæ дæр), Тогызты Галинæ, Тайсауты Валодя, Чысиаты Лейлæ, Гуыбиаты Эльбрус, Тимур Барахоев, Дзуццаты Сослан, Ходы Олег, Æгкацаты Аслæнбег. Алчидæр сæ абон кусы, нæ бæстæйы æмæ нæ республикæйы музыкалон театрты, ахуырадон артдзæстыты. Мария сæ сæйрагдæр ахуыр кодта аивадæн рæстудæй æмæ сыгъдæгзæрдæйæ лæггад кæнынил,цы зарæг, кæнæ оперон парти зарынц, уый зæрдæбынæй, йæ мидис æмæ йын йæ нывтæ аивадуарзджытæм бæлвырд, раст æмæ хæдхуызæй хæццæ кæнынил. Уыцы фæдзæхстытæ сæ рох не сты абон дæр, æххæст сæ кæнынц кæддæриддæр аивады фæндагыл æнтыстджын къахдзæфтæ кæнгæйæ. Æмæ сæ ахуыргæнæгæй сты арфæйаг æмæ бузныг! Цæгат Ирыстоны оперæ æмæ балеты паддзахадон театры аивадон разамонæг Гергиты Ларисæйы курдиатмæ гæсгæ номдзыд зарæггæнæг цæстуарзон æххуыс кæны Дзæуджыхъæуы аивæдты колледжы ахуыргæнджытæн æмæ студенттæн. У колледжы паддзахадон фæлварæнты къамисы уæнг. Ацы аивадон ахуыргæнæндоны фæсивæд æм суанг йæ хæдзармæ дæр цæуынц, цæмæй сын Мария йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæ рæдауæй дætта.

Котолиты Мария ирон аивадæн цы стыр хæрзты бацыд, уый тыххæй йæхицæн уæлдай хæрзтæ æмæ кад никуы домдта, афтæмæй йæ хъæздыг сфæлдыстадон архайдæй раджы сси Уæрæсейы Федерацийы адæмон артисты кадджын номы аккаг, фæлæ, зæгъынц, æрæджиуы хорзæх дæр хорзæх у. Уымæ гæсгæ ацы хъуыддагыл нæ республикæйы Хицауад куы батыхсиккой, уæд уый уаид стыр хорздзинад канд Марияйы бирæ лæггæдтæн нæ, фæлæ ирон адæмы раз дæр...

Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артисткæ,номдзыд ирон оперон зарæггæнæг, зæрдæхæлар, цæстуарзон, фæлмæнзæрдæ æцæг ирон сылгоймаг,рухстауæг Котолиты Мария йæ уарзон Ирыстон, йæ адæмы æцæг хъæбулы уарзтæй кæй уарзы, уый равдыста йе стыр сфæлдыстадон фæндаджы алы æнтыстæй æмæ музыкалон аивадæн удуæлдай , сыгъдæгзæрдæ лæггадæй. Уымæй та уыдзæн кæддæриддæр фæзминаг фæлтæртæн!

**ГАСАНТЫ Валери**

Музыкæйы бæрæгбон

## Æхсызгон фембæлд — джазы "стъалытимæ"

**Хæрзæрæджы Дзæуджыхъæуы æнтыстджынæй ацыд æрвылазон музыкалон фестиваль "Джаз". Ирыстойнаг аивадуарзджытæ хорз аргъ скодтой америкаг зарæггæнæг Шэрон Кларк æмæ санктпетербургаг музыкантты арæхстдзинадæн.**

Æмæ та — ног фембæлд джазы "стъалытимæ". 30 мартъийы Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры сценæйыл уыдзæн джазы стыр концерт. Программæйы архайдзысты Суанты Кимы номыл паддзахадон национ эстрадон оркестр æмæ польшæйаг зарæггæнæг Тамарæ Рейвен.

Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ ацы уæрæх джазы музыкæйы проект Ирыстоны æххæстгонд цæуы Суанты Кимы номыл эстрадон оркестры аивадон разамонæг, УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг Къæбойты Николайы хъæппæрисæй.

Уый тыххæй хъусын кæны РЦИ-Аланийы Культурæйы министрады пресс-службæ

**Нæ уацхæссæг**

Зындгонд адæймæгты тыххæй

## Берггольц æмæ Ирыстон

Ольгæ Берггольц поэтессæ уыд. Ныфсы хос мæсыджы хуызæн хъуыдыйæ фидар æмдзæвгæтæ фыста. Ленинградæгтæ æмæ йын хæстонтимæ цы фебæлдытæ уыд, уым сæ кастис, ноджы ма радиойæ. Йæ хъысмæт тынг уæззау уыд, фæлæ литературæйы тыръса уæддæр бæрзонд хаста.

Йæ царды уæззаудæр минут-иу Ольгæ Ирыстон æрымысыд. Уый ирон адæмы цардыуагимæ ивгъуыд æнусы æртынæм азты базонгæ. Уæд Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультеты ссæдзаздзыд студенткæ уыд практикæйы газет "Власть труда"-йы, ныры "Северная Осетия"-йы редакцийы. Цардис Дзæуджыхъæуы Надтеречныйы уынджы 40-æм хæдзары.

Ольгæйыл йæ практикæйы заман, редакцийы баззад, зæгъгæ, ахæм сахат не скодта. Бон — фæндагыл, æхсæв — фысгæ. Иу хаттæй-иу иннæмæ Æрыдоны æмæ Дыгуры районты колхозонтыл, Мызуры фабричы кусджытыл, Садоны шахтертыл, Беслæны нартхоры комбинаты араздзжытыл фысгæйæ-иу йæ уды рæбын диссаджы рæсугъд ныхæстæ ссардта. Курдиатджын адæймаджы сфæлдыстад у æвидигæ.

Джызæлдоны электростанцæйы арæзтады та цалдæр хатты сæмбæлд. Хуымæтæг кусджыты хъæппæрисджын архайд йæ удыл æнæсивгæ тæлмæн ныууагъта. Газетмæ йæ фыццаг æрмæг дæр уыдоны тыххæй ныффыста. Ахæм рæнхъытæ дзы ис: "Свет зальет Владикавказ. Ток отправится на Садонские рудники, на Мизурскую фабрику, на Дигорский комбинат, ток напролом пойдет в горные аулы".

Ольгæйæн Ирыстоны йæ практикæ ахицæн. Диплом куы райста, уæд йæ зæрды Дзæуджыхъæумæ сыздæхын бæргæ уыд. Чиныг ныффыссыны хæс сæвæрдта йæ размæ. Фæлæ, куыд уацхæссæг, афтæ Казахстанмæ кусынмæ ацыд. Ирон адæм та баззадысты йæ бæллицты.

**ДЗУЦЦАТЫ Къоста**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## Кафт — йæ цард, йæ куыст

**Дзæуджыхъæуы 11-æм скъолайы фæндзæмкъласон Битарты Руслан кафджыты къордмæ цæуын куы райдыдта, уæд æй ничи зыдта ныййарджытæй дæр, хиуæттæй дæр...**



Фæстæдæр ахуыр кæнынмæ бацыд Гергиты Валерийы номыл аивæдты училищемæ æмæ йæ каст фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ. Фæсаууонмæ сырх дипломимæ каст фæцис аивæдты колледж дæр æмæ уыциу рæстæг кафыд ансамбль "Терк"-ы. Уый фæстæ бацыдис кусынмæ ЦИПУ-йы ансамбль "Ирыстон"-мæ. Цалдæр азы бакуыста зындгонд аивадон разамонæг, УФ-йы сгуыхт артист Плиты Махаримæ. Ансамблы студийы ма сывæллæтты дæр ахуыр кодта. Цыппар азы бакуыста филармонийы кæфтыты ансамбль "Арт"-ы, кафыд бæхты театр "Нарт"-ы дæр.

Хистæр, фæлтæрдджын кафджытæ сæ цæст æрæвæрдтой курдиатджын хореографыл æмæ йæ 2003 азы бахуыдтой РЦИ-Аланийы кæфтыты ансамбль "Алан"-мæ. Ныр цыппæрдæс азы Руслан кусы ацы ансамблы. Коллективимæ цæры хæларæй. Сæ иудзинад ис аивады. Сæ бæрнон куысты фидар æгъдауæвæрд сæ кæрæдзимæ æнгом кæны.

Битары-фыртимæ чи ахуыр кодта, уыдонæй бирæтæ ацыдысты фæсарæнтæм, фæлæ Русланмæ уыцы хъуыды никуы æрцыд. Йæ райгуырæн хæдзарæй, йæ уарзон горæтæй, йæ рæсугъд Ирыстонæй искуыдæм ацæуын йæ зæрдæ никуы бакуымдта. Фæзæгъы: "Æз никуы никæм бафæраздзынæн, æнæкæрон уарзтæй уарзын мæ хæдзар, мæ горæт, мæ Ирыстон! Кæмфæнды дæр куы вæййæм ансамблимæ, уæддæр мæ зæрдæ Ирыстонмæ фехсайы! Фæмысын мæ мады, нæ хæдзар. Нæй хи хæдзарæй адджындæр, зынаргъдæр!".

Æмæ зæххы цъарыл кæмыты нæ уыд Руслан "Алан"-ы ансамблимæ: Францы, Турчы, Италийы, Мексикæйы, Бразилийы, Японы, Китайы, Ираны, Кипры... Уæдæ Уæрæсейы горæттæй та стæмты нæ уыдысты... Фæлæ лæг хъуамæ хæдзары уа! Уыцы куырыхон ныхас нæ фыдæлтæй баззад. Руслан аивады кусы 20 азæй фылдæр. Йæ куыстæй уæлдай ма кафты аивадыл ахуыр кæны кæстæр фæсивæды дæр. Руслан йæ гыццылæй фæстæмæ дæр тынг бирæ уарзта Игорь Моисеевы ансамбль. Сабийæ-иу экранæй йæ цæстытæ нал иста, телевизорæй-иу сын сæ концерт куы æвдыстой, уæд. Æмæ Руслан дарддæр ацыд йæ равзæрст аивады фæндагыл. Фæстæдæр Мæскуыйы æввахсдæр базонгæ ансамблæй бирæтимæ, алыхуызон æркастыты æмæ концертты фембæлгæйæ.

Фæзминаг, хæрзуд, хæрзæгъдау, хæдæфсарм лæппу йæ сыгъдæг уды фæллойæ у хæдзардарæг. Кæд ныййарджытæ куыстхъом нал сты, дыууæйæ дæр пенсиисджытæ сты Георги æмæ Фатимæ, уæддæр сæ зæрдæ дарынц сæ фыртыл. Уый у се стыр ныфс, сæ дарæг. Йæ дыууæ хойы Маринæ æмæ Зæринæ æндæр мыггæгтæм ахастой Битарты Бесойы хæдзарвæндаджы рæсугъд фарн. Йæ дыууæ хæрæфырты Аланæ æмæ Сæрмæт дæр равзæрстой, сæ мадыфсымæрау, кафты аивад. Уыдон кафынц ансамбль "Хуры тын"-ы РЦИ-Аланийы адæмон артист Козаты Жаннæмæ. Ырма скъоладзаутæ сты, фæлæ сæ мадыфсымæрæй райстой хорз дæнцæг — бæрзонд аивады фæндаг.

Æмæ кæд РЦИ-Аланийы сгуыхт артист Битарты Русланæн æнцон нæу йæ рынчын мадмæ кæсын, кусын, уæддæр йæ хъару, йæ ныфс нæ сæттынц. Кусы йæ бæрнон æмæ уарзон ансамбль "Алан"-ы, у иузæрдион национ традицитæ æмæ ирон æгъдæуттыл.

Нæ дзæбæх, нæ уарзон æмæ фæзминаг сыхаг Руслан, æнæниз æмæ амондджын у! Сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ — дæ хай!

**ГÆБУТЫ Симæ,**
**Дзæуджыхъæу**

## Фæзминаг чындз

**Адæймагæн йæ царды зын æмæ уæззау бонтæ куыд вæййы, афтæ дзы вæййы рухс æнкъарæнтæй дзаг бонтæ дæр, æмæ дзы фылдæр кæцытæ вæййынц, уый зын зæгъæн у.**

Мад æмæ фыд, хъыгагæн, æнустæм нæ цæрынц. Нæ ныййарджытæн уыдыстæм авд хъæбулы, æмæ ма ныр мæ кæстæр æфсымæримæ дыууæйæ баззадыстæм. Мадызæнæгæй абон чи нал ис, уыдонæй 70 азмæ иунæг дæр нæ фæцард. Мæхæдæг ныртæккæ дæн мæ кары, цæрын дæр ма æмбæлы, мæлынæн дæр афон у, куыд фæзæгъынц, афтæ. Мæ сæрыхицау амард 50-аздзыдæй. Мæ хистæр лæппу та 42 азы йеддæмæ нæ фæцард, æмæ мын ме 'ппæт зынтæ дæр бамбæрзта. Иунæг амонд мæ уыд, æмæ мæм æрцыд диссаджы чындз. Чи мæ уарзы æмæ мæхæдæг кæй уарзын, уыдоны хæдзармæ дæр ахæм уарзон æмæ хæрзæгъдау хъæбул æрцæуæд. Цыдæриддæр зынтæ бавзæрстон мæ царды мидæг, уыдон мын Анжелæ фæрогдæр кодта, йæ фæрцы мын цард ад кæнын райдыдта. Мæ дзаума сыгъдæг æмæ итувæрд, мæ хæринаг — афоныл. Мæ хостæ куыд æмæ цы афоныл нуазын, уымæ дæр йæ цæст дары. Уыдæттæ диссаг, чи зоны, æмæ не сты, фæлæ, чи зоны, искæмæ та диссаг фæкæсой. Куыстуарзаг, сыгъдæгдзинадыл архайæг, уазæгуарзон, хионæн кадгæнæг, æрбацæуæгæн аргъгæнæг. Фæлæ сæйрагдæр уый у, æмæ йæ рæвдаугæ ныхас, йæ фæлмæн узæлд мын ме 'нкъард зæрдæ батавтой.

Стыр арфæтæ кæнын мæ чындзы ныййарджытæн — Скъодтаты Тотрадз æмæ Таисæйæн, бинонтæн ахæм уарзон хъæбул кæй схъомыл кодтой, уый тыххæй. Йæ райгуырæн хæдзары æрæййæфта æгъдау æмæ нывыл фæтк æмæ сæ йæ цæрæн хæдзары дарддæр хæссы рæсугъдæй æмæ зæрдæрухсæй.

**ХЪОЙБАЙТЫ-БУЗОЙТЫ Нинæ,**
**Дур-Дуры цæрæг**



Спортивон фидиуæг

# Ирыстоны чызг-богæлтты æнтыстдзинæдтæ



Уæгъдибар хъæбысхæстæй Ирыстоны æрыгон чызджыты командæ фесгуыхти Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерысты.

Налцыччы фыццаг бынæттæ бацахсыныл ерыс кодтой 13-16-аздзыдты карæн чызджытæ (2000-2002 азты гуырд).

Нæ чызджытæ рамбылдтой 8 сыгъзæрин, 4 — æвзист æмæ 3 — бронзæ майданы.

Фыццаг бынæттæ бацахстой: Мæрзойты Мæдинæ (38 кг), Гогаты Элинæ (40 кг), Коцты ВикториЯ (43 кг), Коцкиты Людмилæ (46 кг), Коцты Дианæ (65 кг) æмæ Æгъуызарты Мæдинæ (70 кг).

Æвзист майдантæй хорзæхджынгонд систы дыккаг бынæттæ бацахсæг чызджытæ: Гæтæгонты Людмилæ (46 кг), Лианæ Калинина (52 кг), Хъæлыцты Дианæ (49 кг) æмæ Дзæгъойты Эладæ (70 кг).

Æртыккаг бынæттæм та рацыдысты: Танделаты Алинæ (46 кг), Ходы Миленæ (49 кг) æмæ Олисаты Оланæ (70 кг).

Ацы ерысты цы чызджытæ фесгуыхтысты, уыдонæн ныр бар уыдзæн Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерысты (13-16 апрелы цæудзысты Южно-Сахалинскы) æмæ Уæрæсейы скъоладзауты спартакиадæйы (цæудзысты июлы мæйы Краснодары).

Нæ чызджыты тренертæ сты: Тедеты Валик, Хетæгкаты Еленæ, Годзойты Гурам, Толасты Эльбрус, Лалыты Алан, Къудухты Олег, Мæрзаты Чермен æмæ Калоты Фидар.

**Нæ уацхæссæг**

# Гамосты Давид фесгуыхт Бремены



Гермайнаг горæт Бремены дзюдойæ ивгъуыд къуыри цыди дунеон турнир æрыгæтты (18-20-аздзыдты кары) 'хсæн. Архайдтой дзы 51 бæстæйы æрыгон дзюдоисттæ, æдæппæт 500 спортсменæй фылдæр.

Ирыстонæй дзы цы фондз дзюдоисты ерыс кодтой, уыдонæй уæлдай стырдæр сгуыхтдзинад равдыста Беккуызарты Алик æмæ Цæгæраты Хъазыбеджы хъомылгæнинаг Гамосты Давид.

Йæ уæзы (73 кг) ерыс кодтой 93 дзюдоисты æмæ Давиды хæцынмæ рацæуын бахъуыд авд хатты. Уый йе 'ппæт ныхмæлæуæджытыл дæр фæуæлахиз æмæ бацахста фыццаг бынат.

Уæлдай раппæлинаг-дæр хæст ракодта Давид йæ дыууæ япойнаг ныхмæлæууæгимæ. Сæ дыууæйæ дæр рамбылдта рæстæгæй раздæр.

Ныр нæ 18-аздзыд дзюдоист йæхи цæттæ кæндзæн йæ карæнты 'хсæн Европæйы чемпионатмæ.

**Нæ уацхæссæг**

Хъæууон хæдзарад

# Фæрнæй кус!

Хъæуккаг læппу уды цæхæрæй æххæстдæр рауайы. Йæ гыццылæй фæстæмæ хъуыддагыл æвæрд кæй баййафы, уый тыххæй, æвæццæгæн. Хи кæрты змæлд бирæ ис, уæлдайдæр, бинонтæ фосдарæг куы уой, уæд. Æниу цæхæрадон дæр гыццыл куыст нæ домы. Хистæрты фарсмæ алы ран дæр цы кæстæр архайа, уый лæггаг кæй у, ууыл дызæрдыг нæй.

Кировыхъæуккаг Хъайтмазты Алан цæттæ цардыл нæ сахуыр. Цыдæриддæр скодта, уыдон иууылдæр — йæхи хъæппæристы руаджы. Ныртæккæ йæ Æрыдоны районы раззагдæр фермертæй иу хонынц. Зæрдиаг фæллойæн ма хуыздæр бæрæггæнæн цы вæййы!

Йæ царды райдайæныл арæх ахъуыды кæны. Хъæуы цæргæйæ баззайдзынæн, зæгъгæ, йæхицæн фидарæй куы скарста, уæд фенкъуыстис йе 'нтыстджын фæндаг. Аграрон университеты агрономы дæснийад райста æмæ бынæттон колхозы специалист ссис. Фæлæ уалынмæ рацарæзты уылæн уадтымыгъау сыстад.

Раздæры колхозы хуымгæндтæй бæзнаг мæры тъæпæнтæ гыццыл фæзуæттæ не сты. Фæлæ дзы Алан цы быдыр райста, уым тынг азилинаг гæппæлтæ дзæвгар разынд. Уыцы акусинæгтæн рæстæг дæр бахъуыд, стæй фæрæзтæ дæр. Зæхх сабийы хуызæн рæвдыд уырзты æрмдзæф уарзы.

Абон Хъайтмазты Алан у фермерон хæдзарад "Алан"-ы сæргълæууæг. Хъуыддæгтæ аразынмæ дæр арæхсы, йæ дæснийады сусæгдзинæдтæй дæр архайы. Йæ зæххытæ зианхæссæг зайæгойтæй хуымæтæджы не схицæн сты. Райдайæны уым алыхуызон кæрдæджыты мыггæгтæ тынг бæзджын байтыдта, æмæ уый руаджы хæмпæлгæрдæджы хал скæсынхъом нал ссис. Фæстæдæр сæ похцийæ аласта.

Аланы хæдзарады ахсджиагдæр культуртæ нартхор æмæ картоф сты. Фарон фæззæг фидæны тыллæгæн фидар бындур сæвæрдта. Хуымгæндтæ анауылигонд æрцыдысты. Æрмæст уыцы агротехникон мадзалы руаджы дæр йæ хорæрзад 25 проценты фылдæр хъуамæ рауайа. Хæрзхъæд мыггаг сæм хор тауынæн 40 гектары фаг ис.

Фарон нартхоры хъæздыг тыллæг райстой. Уæдæ картофы бæркад дæр хорз бæрæггæнæн равдыста. Сæ продукци экологион æгъдауæй сыгъдæг рауад. Сæйрагдæр та, фæззæджы хъæуккæгтæн куысты бынæттæ кæй раттой. Алкæмæн дæр дзы йæ боны мызд 700 сомы рауад.

Хъайтмазты Аланæн ивгъуыд азы æнтыстыты тыххæй районы разамонæг Тотраты Владислав радта Кады гæххæтт.

Уый хорз бæрæггæнæн у, Хъайтмазы-фырт йæ хъуыддаг кæй уарзы, уымæн та — стыр æвдисæн. Фæрнæй кус, сæрæнгуырд!

**ДЗУЦЦАТЫ Къоста**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Хæсты фæстæйы зын азтæ

**Адæймагæн цæрын куы ацайдагъ вæййы, уæд бирæ цыдæр хатдзæгтæ скæны абоны фадæттæм кæсгæйæ. Алы дугмæ дæр йæхи домæнтæ ис, æмæ цæрын æнцон никæцы рæстæг у, фæлæ уæддæр ныртæккæ адæм, кæд сын фидын бирæ хъæуы, уæддæр парахатæй пайда кæнынц электрон тыхæй, æрдзон газæй, хъарм æмæ уазал донæй, техникон фæрæзтæй. Æмæ уыдон гыццыл æнцондзинад не сты. Уыдон царды хорздзинæдтæ сты, æмæ сыл цин кæнын хъæуы.**

Махæн та, Фыдыбæстæйы Стыр хæст йæ сабидуг кæмæн байста, уыцы фæлтæртæн, нæ царды фадæттæ æндæр уыдысты. Немыц кæд нæ гыццыл хъæу Раздзогмæ не 'рбахæццæ сты, уæддæр сæ маргæйдзаг комулæфт æрбахæццæ Заманхъулы рæгътæм. Уæдæ сæ бомбæтæкалæг хæдтæхджытæ дæр бирæ хæттыты æрзылдысты нæ хъæуы сæрты. Æркалдтой-иу бомбæтæ дæр, уæлдæфыиу чи фехæлд, ахæмтæ. Æмæ-иу сæ фæстиуджытæ зæрдæриссæн хабæрттæ уыдысты.

Советон Цæдисы рæстæг ахуырадмæ стыр цæстæнгас уыдис, æмæ немыц фæстæмæ лидзæг куы фесты, уæд цыфæнды зындзинæдтимæ дæр скъолатæ скуыстой. Нæ æдзæллаг скъола нын цалынмæ рæвдз кодтой, уæдмæ Кцойты Микъалайы стыр хæдзары ахуыр кодтам дыууæ радæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, изæрмилты-иу хорз нал уыдтам æмæ-иу ахуыргæнджытæ фæтæгены цырæгътæ ссыгътой, афтæмæй амæлттæ кодтой махæн исты бацамонынæн.

Уæдæ хæдзары дæр æнцондзинадæй ницы уыдис. Уыцы зын рæстæг алы бинонтæн дæр бирæ сывæллæттæ уыдис, æмæ дзы алкæмæндæр хъуыдис хæринаг, дарæс æмæ æндæр царды фæрæзтæ. Хъæуы байгом кодтой дукани (мах хæдзары) æмæ дзы уæй кодтой фæтæген, цæхх, спичкæтæ æмæ ма ноджы цыдæр хъæугæ дзаумæттæ.

Фæтæген нæм æлхæнынмæ дæр куы нæма уыд, уæд нын тынг æххуыс кодта Къозаты Мулдар. Тракторон бригады куыста æмæ-иу сусæгæй-æргомæй алкæй къух дæр фæрог кодта. Уый æххуысы руаджы-иу æхсæвыгон барухс сты нæ хæдзæрттæ фæтæгены цырагъæй. Мах-иу нæ уроктæ кодтам, нæ ныййарджытæ та нын нæ дарæс æмпъызтой, фæныкдон æмæ хиконд сапоны муртæй сæ æхсадтой. Сæнарæй арт сындæггай кæм сыгъд, уыцы пецы сæрмæ сæ хус кодтой, цæмæй райсом сыгъдæгæй ацæуæм скъоламæ.

Бирæ хъыцъыдæттæ банызтой, йæ дарæг хæсты цæхæры кæмæн уыд, уыцы бирæсывæллонджын сылгоймæгтæ, фæлæ ма сын Хуыцау æххуысгæнæг уыд уымæй, æмæ уыцы рæстæг адæм кæрæдзи уарзтой, алчидæр архайдта исты хорздзинадæй йæхионы, йæ сыхаджы зæрдæ барухс кæныныл. Æвæццæгæн, уыцы уæззау заман адæм сæ иудзинад æмæ кæрæдзимæ уарзондзинады руаджы ахызтысты æппæт зындзинæдты сæрты.

Мулдары руаджы бирæ хæдзæрттæ рухс уыдысты фæтæгены цырагъæй, фæлæ ма бирæ уыдис йæ зæрдæйы рæбынæй сыгъдæг суадонау хорздзинад адæмыл чи тыдта, ахæм адæм. Абон уыдон æгас нал сты, уый нæ, фæлæ сæ стыр бузынг чи уыд, уыдон дæр радыгай цæуынц се 'цæг дунемæ. Уый царды цалх тулы æнæрлæугæйæ æмæ йын бауромæн нæй.

Фæтæгены рухсмæ йæ уроктæ чи кодта, астæуккаг ахуырад райсон, зæгъгæ, Заманхъулмæ сæрдæй-зымæгæй фистæгæй чи цыди, уыдонæй бирæтæ райстой уæлдæр ахуырад дæр, фæкуыстой бæрнон бынæтты, архайдтой адæмы хорздзинадыл. Размæ ракодтой сæ кæстæрты æмæ цы бæстæм бацыдысты, уым рухс Дзæнæты бадæнт, сæ кæстæрты зæрдæты та адæммæ уарзондзинады зынг макуы ахуыссæд.

Бирæ хæдахуыр поэттæ уыд нæ гыццыл хъæуы, æмдзæвгæты руаджы сывæллæтты зæрдæты райгуырæн зæхмæ, нæ алфамбылай æрдзмæ уарзондзинад чи гуырын кодта, ахæмтæ. Уыдонæй иу уыди Къозаты Мулдары фырт Мурат. Адæмæн уарзон уыд æмæ йæ Мурик хуыдтой. Уый æнæкæрон бирæ уарзта сывæллæтты æмæ фысгæ дæр уыдонæн кодта. Раздæры газет "Коммунизмы тырыса"-йы ныр "Рахизфарсы цард"-ы редакцийы æнæзæрдæхудт куыст фæкодта, æмæ йын йæ уарзон æмбæлттæ йæ номарæн бонмæ 2015 азы 4 августы номыры бирæ мысинæгтæ ныффыстой, нæ йын рох кæнынц йæ рухс ном. Диссаджы рæсугъд рæнхъытæ ныффыста Мыкагъаты Азæ уым йæ æрмæджы. Æз арæх æркæсын уыцы газетмæ æмæ та мæ цæстытыл ауайы Муричы худгæ цæсгом, йæ рухс цæстæнгас. Бæргæ хорз уыдаид, Мурат ма йæ кæстæрты хорздзинæдтæ куы федтаид æмæ йын уыдон дæр кæронмæ куы бафсæстаиккой йæ уарзæгой зæрдæйы хъармæй. Хъысмæт тæригъæд нæ зоны æмæ хуыздæрты дæр рагацау йæхи уымæн бакæны.

**ДЗАНÆГАТЫ-ЦГЪОЙТЫ Булкæ, педагогон куысты ветеран**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Региональная общественная организация
**“Правовой центр “Право на защиту”**
проводит среди населения бесплатную юридическую консультацию по правовым вопросам — в будние дни с 11 до 15 часов.
За оказанием правовой помощи обращайтесь по адресу: **г. Владикавказ, ул. Интернациональная, 93 “Дом общественных организаций”, офис 3, предварительная запись по ТЕЛ.: 8-963-177-09-57.**

**Квалифицированный юрист**
**Заур Танделов**
оказывает юридические услуги по жилищным, земельным, наследственным, семейным вопросам. Адрес: г. Владикавказ, ул. Джанаева, 42 (ДЦ "Глобус"), каб. 510,
**ТЕЛ.: 8-928-067-67-86.**

**ПРОДАЮТСЯ**
новые межкомнатные двери с коробками.
Цена ниже рыночных.
**ТЕЛ.: 8-918-839-37-55.**

Ремонт холодильников
*(бытовых и промышленных)*.
**ТЕЛ.: 8-961-820-26-73.**

Выполняем все виды работ на кладбище.
**ТЕЛ.: 8-961-821-07-65 (Алан),**
**8-962-743-81-50 (Аслан).**

**Газет “Рæстдзинад”**
хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр аргъæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонтæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.
**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).
**25-67-03**

**АПТЕКА** низких цен
**“Копеечка”**
Гарантированное качество.
Весь товар сертифицирован
Работаем с 8 до 21 часа.
угол ул. Маркова и Кирова, 74/23 (напротив гостиницы "Кадгарон", район ж/д. вокзала).
ТЕЛ.: 544-554, 94-11-15.
**С НАМИ ВЫГОДНО!**
РЕКЛАМА
*Возможны противопоказания, перед применением обязательно проконсультируйтесь со специалистом.*

**Хъусынгæнинаг**
Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" хоны Ирыстоны хистæрты чындзæхсæвты æмæ зианы æгъдæуттыл æрныхас кæнынмæ. Уый тыххæй аразы сæрмагонд æмбырдтæ.
Æмбырдтæ цæудзысты алы майрæмбоны дæр 11 сахатæй 14 сахатмæ Дзæуджыхъæуы Фрунзейы уынджы 24-æм хæдзары 2-æм уæладзыджы.
Бæлвырддæр хабæрттæ базоныны тыххæй æрбадзурæн ис ахæм телефонтæй:
**53-57-87; 56-30-39.**
**Æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"**

**УВАЖАЕМЫЕ ПОДПИСЧИКИ!**
УФПС РСО-Алания — филиал ФГУП "Почта России" проводит досрочную подписку на 2-ое полугодие 2017 года. Подписка проводится на некоторые популярные центральные издания, на республиканские и районные газеты.
Внимание! Подписные цены на республиканские и районные газеты в досрочную подписку остались на уровне подписных цен 1-го полугодия 2017 года.
Обращаем Ваше внимание, что с 1 апреля подписные цены могут возрасти, поэтому, оформив подписку до 31 марта, вы получаете возможность сэкономить деньги.
Ждем Вас в отделениях почтовой связи!
**УФПС РСО-Алания — филиал ФГУП "Почта России"**

**ДНК АПТЕКА**
Доставка
24 часа
✓ Спортивное и диабетическое питание
✓ Ортопедические товары, венозный трикотаж
✓ Антиварикозные товары
✓ Лечебная косметика
✓ Ветеринарный отдел (консультация ветврача)
**Ул. Куйбышева,1. Тел.: 54-85-85**
**Ул. Владикавказская,1. Тел.: 588-800.**
**Ул. Маркуса,44. Тел.: 53-77-47.**
*Лиц.: ЛО-15-02-000094 от 27.02.2009 г.*
**ВЫДАЧА ДИСКОНТНЫХ КАРТ**
реклама
Возможны противопоказания, перед применением обязательно проконсультируйтесь со специалистом

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**
**тел умерших.Быстрый выезд по городу и республике.**
**Похоронные принадлежности. Перевозка тел.**
**ТЕЛ.: 56-63-85; 8-918-822-81-80.**
*Работаем круглосуточно.*



Номырæн дзуапдæттæг редактор:
**Гасанты Валери.**
Номырæн бæрнон:
**Æлборты Алисæ**.

**Корректортæ:**
1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Айларты Эмилия;**
3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
4-æм фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**





**Газет уадзынц РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон кусæндон “Республикон адæмон газет “Рæстдзинад”-ы редакци”.**
**Газеты регистрацион номыр (ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор БИТАРТЫ Маринæ**

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Осетия-полиграфсервис”-ы

**Сæйраг редактор — 25-96-27**
**Сæйраг редакторы хæдивджытæ — 25-94-37, 25-63-19**
**Рауагъды дирекци — 25-94-37, 25-90-54**
**ХАЙÆДТÆ:**
**Культурæйы, фæсивæды æмæ спорты — 25-91-89, 25-99-33, 25-94-09, 25-96-31.**
**Æхсæнадон, политикон, социалон æмæ экономикон — 25-90-51, 25-91-80**
**Бухгалтери — 25-94-19**
**Къамисæг — 25-93-68**
**Сайты редактор — 25-96-16**
**РЕКЛАМÆ — 25-67-03, Корректортæ — 25-93-36.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй рафыстой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 6200.
Заказ № 341. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email:** rastdzinad@mail.ru
**Сайт:** www.растдзинад.рф

Газета выходит 5 раз в неделю
“Растдзинад”
(“Правда”)

УЧРЕДИТЕЛИ:
Парламент РСО-А, Правительство РСО-А, ГБУ “Редакция республиканской народной газеты “Растдзинад”.
**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания 30 марта 2012 г. (ПИ № ТУ 15-00063)**